ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№24 (21.682) ● 2010 гъэм мазаем (февралым) и 12, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Шахматымкіэ щіыхубзхэм я Гран-при зэхьэзэхуэр егъэкІуэкІыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Унафэ

2010 гъэм мазаем и 6-м **№5-РП**

1. Шахматымкіэ щіыхубзхэм я Гран-при зэхьэзэхуэр 2010 гъэм мэлыжьыхьым и 23-м щегъэжьауэ накъыгъэм и 7-м нэсыху Налшык къалэм щегъэкІуэкІыным теухуауэ Шахматымкіэ дунейпсо федерацэм къыхилъхьар къэщтэн.

2. 2010 гъэм шахматымкіэ щіыхубзхэм я Гран-при зэхьэзэхуэм зыхуэгъэхьэзырыныморэ ар егъэкІуэкІыным кІэ къыззгъэпэщакІуэ комитетым хэтхэр къэщтэн мы Унафэм и гуэдэным зэритым хуэдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2010 гъэм мазаем и 6-м къыдигъэкІа Унафэ №5-РП-мкІэ къыщыдэт

2010 гъэм шахматымкІэ щІыхубзхэм я Гран-при зэхьэзэхуэм зыхуэгъэхьэзырынымрэ ар егъэкІуэкІынымкІэ къыззгъэпэщакІуэ комитетым хэтхэр

Тхьэзэплыж М. ТІ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іыи я ныбжьыкІэ *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщІи)*

АфІуэнэ А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымрэ туризмэмкІэ и министрым и къуэдзэр *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщІым и къуэдзэщ)*

Бабаев Хъу. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Спортымрэ туризмэмкІэ и комитетым и унафэщІыр *(эзэгурыІуауэ)*

Балгабаев Б. Т.- ШахматымкІэ дунейпсо федерацэм и президентым и дэпэныкъуэгъур *(эзэгурыІуауэ)*

Бицу В. Г. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узынщагъэр хъумэнымкІэ и министрыр

ДышкІ М. Р. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэр

Жамборэ В. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и УнафэщІым и къалэнхэр зыгъэзащІэр

Кьалэ З. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Іуэхуэхэмкіэ управленэм и унафэщІыр

Мусуков А. ТІ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министрыр

Пащты Б. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлажьэнымрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ и министрыр

Сердюк В. А. - Урысей Федерацэм ШынагъуэншагъэмкІэ и федеральнэ кІуалыкъуэІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(эзэгурыІуауэ)*

Сыжажэ А. Н. - «Къэббалъкъинтурист» акционер обществэ зэІухам и генеральнэ директорыр *(эзэгурыІуауэ)*

Сунш А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм транспортымкІэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министрыр

Томчак Ю. И. - къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэр

Фыырэ Р. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ и министрыр

Хьэгъэ З. А. - Налшык къалэ округым и щыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(эзэгурыІуауэ)*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Унафэ

2010 гъэм мазаем и 6-м **№6-РП**

ЩІалэгъуалэ правительствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2009 гъэм мэкъуауэгъуэм и 17-м къыдигъэкІа Унафэ №56-РП-мкІэ къыщтам, зэхьэзэкІныгъэхэр хэтлъхьэн икІи абы мы кІыкІэлъыкІуэхэр хэгъэхьэн:

Батырбековэ ФатІимэ Хьэмзэт и пхьыр - ЩІалэгъуалэ правительствэм узынщагъэр хъумэнымкІэ и министрыр

Золотухин Александр Николай и къуэр - ЩІалэгъуалэ правительствэм транспортымкІэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министрыр

Темукуевэ Малика Мухъэдин и пхьыр - ЩІалэгъуалэ правительствэм тарифхэмкІэ и министрыр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен



XXI ЩІымахуэ Олимп Джэгухэр Ванкувер къыщызэІуах

ЩІымахуэ Олимп Джэгухэр къызэрежьэрэ куэд щІакъым, ар цІэрыІуэу щытми. Ящэ дыдэу фигурнэу лъэрыжьэкІэ крэжьыхьынымкІэ зэхьэзэхуэхэр хагъэхьауэ щытащ Лондон 1908 гъэм щыІа IV Олимп Джэгухэм. Ар ирагъэкІуэкІащ гъэмахуэ спорт лІэужьыгьуэхэм я гъусэу. Зэхьэзэхуэм хэтхэр цІыхуи 3 - 9-м зэрыфІэмыкІым къыхэкІыу зэпэщІэтыныгъэр гуащІэтэжьым.

ЕТІУАНЭУ Олимп Джэгухэм щІымахуэ спорт лІэужьыгъуэхэр щыхагъэхьар 1920 гъэрщ. Фигурнэу лъэрыжьэкІэ кІэжьыхьыным дыщІагъуащ иджыри лІэужьыгьуищ, дэтхэнэми спортсмени 6 - 16 щызэхьэзэхуэу.

ЩІымахуэ спорт лІэужьыгъуэхэмкІэ Олимп Джэгухэр щхьэхуэу егъэкІуэкІыныр 20-нэ лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэхэм къыхилъхьауэ щытащ Пьер де Кубертен икІи зыбжанэрэ Дунейпсо Олимп комитетми абы щытепсэлъыхьащ. Абы и телъхьэт щІымахуэ спорт лІэужьыгьуэхэмкІэ зызыгъасэ спортсменхэри ІэщІагьэлІхэри. Ауэ ЩІымахуэ Олимп Джэгухэр къехьэжьаным хуабжьу пэщІэтт Швециемрэ Норвегиемрэ. Абыхэм къагъэувырт 1901 гъэ лъандэрэ екІуэкІ Ищхъэрэ Джэгухэм арыншами щІымахуэ спорт лІэужьыгъуэхэмкІэ спортсменхэр псори къекІуалІэу икІи апхуэдэ дыдэ зэхьэзэхуэ «ЩІымахуэ Олимп Джэгухэр» фІэщыгъэщІэ иІэу егъэкІуэкІыныр Іэмал зимыІэу зэрыщымытыр. Ищхьэкіэ зи щІэкъитІуа къэралхэм я еплъыкІэм тумыщІыхьу хъунутэкъым, спортсменхэм я нэхъыбэр зыщыщыр а щІыпІэхэрати, Олимп Джэгухэм ехьэлІа псалъэмакъыр зэманкІэщагъэтыжащ.

Дауэ хъумι, икІэмикІэжьым Кубертен зэуІу ищІыфащ Олимп Джэгухэмрэ щІымахуэ спорт лІэужьыгъуэхэмрэ. 1922 гъэм Париж щекІуэкІа Дунейпсо Олимп комитетым и сессием унафэ къыщащтащ «VIII Олимпиадэм зэрыщІидэм и щІыхькІэ дунейпсо спорт тхъэмахуэ» ирагъэкІуэкІыну.

Зэхьэзэхуэхэр Франджым и Шамони къалэм 1924 гъэм щІыщыкІэм и 25-м къыщыщІэдзауэ мазаем и 4 пщІондэ щекІуэкІащ, Олимп Джэгухэм ецха дауэдапщэ псори кІэлъыІэрахьу - олимп мафІэр щІагъэнащ, зэхьэзэхуэм хэтынухэм олимп тхъэрыІуэр ятащ. ЩІымахуэ спорт лІэужьыгьуэхэмкІэ екІуэкІа зэхьэзэхуэм кърихьэлІа къэралхэмрэ спортсменхэмрэ я бжыгъэр зэрыхуамыгъэфэщауэ ину къыщІэкІащ. Ар тегъэщІапІэ ящІри, 1925 гъэм Прагэ щыІа Олимп конгрессым щытраухуащ ЩІымахуэ Олимп Джэгухэр ирагъэкІуэкІыну, Шамони щызэхэта зэхьэзэхуэр япэ Олимп Джэгу къалэныгъэ щІэдзащ. ЩІымахуэ Олимп Джэгухэр мыдрей Олимпиадэм и гуэдзэну щымытыр, абыхэм я пщІэр нэхъ яІэтын щхьэкІэ, 1991 гъэм унафэ къащтауэ щытащ ахэр щекІуэкІыну зэманхэмкІэ зэщхьэщыхьи хуейуэ, илъэс тІупІ я зэхуакъу.

Ванкувер щекІуэкІ XXI ЩІымахуэ Олимп Джэгухэм Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам хэту кІуащ спортсмен 240-рэ. Урысейм и Олимп Комитетым зэрыщызэІамкІэ, Канадэм абыхэм къыщахьыфын хуейщ медаль 39-м нэс, абы щыщу дыщэу 9 - 12 хуэдиз. Апхуэдэ я гугъапІэхэр къайхъулІэмэ, ди къэралым гуп зэхьэзэхуэм ещанэ увыпІэм нэхъ рэ мынэхъыкІэ зыІэриІгъэхьану хуагъэфащэ.

Ди къэралым и командэ къыхэхам екъуалІэныгъэ къыхудэкІуэну щыгугъну Канадэм здащэнущ Чебурашкэ щыІуэ.

ЩІымахуэ Олимп Джэгухэр нобэ, мазаем и 12-м, Ванкувер къыщыІэтахынущ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Ванкувер дунейм и къалэ нэхъ дахэ дыдэхэм ящыщ зыщ.

Хъуэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен и деж

ПщІэ зыхуэсщІ Арсен Башир и къуэ!

Щіышылэм и 27-м ягъэлъэпІащ Ленинград и цІыху псоми я дежкІэ ипэжьпІэкІэ гуфІэгъуэшхуэр - Ленинград къэзыухъуреихьауэ щыта бийр зэрызэтракъутэрэ илъэс 66-рэ зэрырикъуар.

Ленинград-Петербург и цІыхухэм къабгъэдэкІыу псоми ди зэхуэдэ махуэшхуэмкІэ си гуапэу сохьулъхьу бийм кІиуахъуреихьа къалэм дэсахэм, абы щекІуэкІа зауэм и ветеранхэм, тылым и лэжьакІуэхэм ящыщу фи щІыналъэм щыпсэухэм.

Ленинград зыхъумахэм, бийм кІиуахъуреихьа къалэм дэсахэм зыхуэбгъэдэн щымыІэ лІыхъужьныгъэ, ерыщагъ, къару къагъэлъэгъуащ. Абыхэм гъэунэхуныгъэ ин къажьэхэуа пэтми, текІуэныгъэм хущІэкъунымкІэ ябгъэдэлъа зэфІэкІыр къыззэпиудыфакъым. Къалэр бийм кІиуахъуреихьауэ зэрыщыта махуэ 900-м ящыщу дэтхэнэри тхыдэм хыхьащ цІыхум и зэфІэкІ иным, абы еэыр щалъхуа къалэмрэ къэралымрэ я яхуІэ лъагъуныгъэм и щапхьэу.

Ленинград текІуэнымкІэ къэрал псор къыдэІэпыкъащ. Къалэр зыхъумахэм яхэтащ ди Хэкум и щыналъэ псоми я лІыкІуэхэр. Ладогэ гуэлым и мыл гъуэгум тету бийм кІиуахъуреихьа къалэм къакІуэрт ерыскъы зэрыльтъ автомашинхэр. Ленинград ираш цІыхухэр адрей къалэхэмрэ областхэмрэ щыпсэухэм зрашылэрт. Абы щыгъуэ зеиншэу къэна сабийуэ щэ бжыгъэхэм унагъуэщІэхэр псэупІэ яхуэхьащ.

1944 гъэм и щІышылэм щегъэжьауэ сыт хуэдиз илъэс дэкІми, дэ зэи тщыгъупщэнкъым бийм кІиуахъуреихьауэ щыта Ленинград зыхъумахэм, абы хуэлэжьахэм, дэсахэм ящыщу нэгъуэщІ къалэхэм, республикэхэм, къэралхэм щыпсэухэр. Дэ дигу илъынщ Ленинград зимыгъынымкІэ, бийм текІуэнымкІэ къыдэІэпыкъуа псори.

Си щхьэр лъахъшэу яхузогъэщхь Ленинград къэзыухъуреихьауэ щыта бийр къэнэ щымыІэу щызэтракъута махуэр зи гуфІэгъуэ псоми.

Ветеранхэм, бийм кІиуахъуреихьа къалэм щыпсэухэм ящыщ дэтхэнэми узыншагъэ быдэ,ефІэкІуэныгъэ, гугъапІэфІ иІэну, и Іыхьлыхэм я хуабагъэрэ гуапагъэрэ зыхищІэну сохьуэхьу.

Санкт-Петербург и губернатор **МАТВИЕНКЭ Валентинэ.**

Сокуров Александр къахуоблагъэ

Мазаем и 13-м сыхьэт 11-м Бэрбэч Хь.М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым физикэмрэ математикэмкІэ и факультетым и пэщІыщхьэм цІыхуэм щаІущІэнущ кинорежиссер цІэрыІуэ, КъБКъУ-м щІыхь зиІэ и профессор, УФ-м и Президентым и деж щэнхабзэмрэ гъуэзджэмкІэ щыІэ советым хэт Сокуров Александр. ЗэІущІэр теухуащ 1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэщхуэм къыщыгтха ТекІуэныгъэ Ищхьр илъэс 65-рэ зэрырикъум.

ЗэІущІэм хиубыдэу режиссерым бийм кІиуахъуреихьауэ щыта Ленинград къалэм дэсахэм я письмохэмрэ гукъэкІыж тхыгъэхэмрэ ящкъ иткІэ триха «Блокадэ тхьІупым дыкъоджэ» фильмыр ягъэтъэгъэнущ. Сокуров Александр студентхэм, къэзыгакІуэхэм епсэлъэнущ.

КъБКъУ-м и пресс-Іуэхущапіэ.



Прунж нэхъыбэ тращІэ

АДЫГЕЙ *Республикэм прунжым щыхухах гектар 3,5-р 2010 гъэм гектар 12-м нагъэсыну я мурадщ.*

- ПРУНЖЫМ хухэтх щІым хэдгъэхьуэхукІэ, гъавэ нэхьыбэ къызэрытетхыр наІуэщ. Псалъэм папщІэ, 2007 гъэм прунж тонн 6560-рэ диІащ. 2008 гъэм тонн 11452-м ирогъэкащ, 2009 гъэм тонн 13340-рэ къытетхащ. Иджыпрэ технологиехэр къэдгъэсэбэпкІэрэ, ди мурадщ абы зедгъэужьыну, - жиІащ Адыгейм мэкъумэшымкІэ и министр Петров Юрий.

Прунжым нэхьыбэу щелэжьыр Краснодардейск, Щоджэн районхэрщ. Шапсыгъ псы хъумапІэр къызэрагъэпэщыжу щытмэ, мэкъумэшыщІэхэм гъавэу къраухьэлІэм фІыиуэ хагъэхъуэну Іэмал ягъуэтынущ.

ТекІуэныгъэ Иным зыхуагъэхьэщыр

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *ТекІуэныгъэ Иным илъэс 65-рэ зэрырикъур гъэлъэпІэнымр, абы зыхуэгъэхьэзырынымр, гуфІэгъуэ зэхьэхьэхэр къызэгъэпэщынымр и къалэн нэхъыщхьэ «ТекІуэныгъэм комитет Черкесскэ къалэм къыщызэраугъэпэщащ.*

ПСОМ япэраиу, комитетым и изэІэ щІэтынущ ТекІуэныгъэ Иным ГъэлъэпІэнымкІэ псапащІэхэм, Іуэхущапіэхэм къабгъэдэкІыну ахъшэхэр зэрагъэкІуэдыну щІыкІэм, Хэку Зауэщхуэм хэтахэр гулыитэнщэ мыхъунрэ, абыхэм тыгъэ яхуэщІынымр, иэгъэщхэрэ.

КьыхэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщІу хахащ Черкесск къалэм и унафэщІ Коротченко Петр.

Адэхэм я зэхуэс

***2010 гъэм мазаем - гъатхэпэ мазэхэм Къэршей-Шэрджэсым и къуэдзэмрэ къалэхэмрэ щекІуэкІынымкІи гъэцІыр себийм тыхь хуэдизщІ* адэхэм я зэІущІэ. Абы къыщыхаІущІ зэхуэсым ягъэкІунуэр.**

АДЭХЭМ я 4-из республикэ зэІущІэр мэлыжьыхьым зэхэтынущ икІи ЕгъэджакІуэм и илъэсым траухэзынущ. Зэрыхабзэу, ар 2004 гъэм щыщІэдзауэ йокІуэкІ, еджакІуэ цІыкІуэхэм я адэхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ хэтщ. Зэхуэсым и къалэн нэхъыщхьэр унаГуэр гъэбыдэным, адэм и пщІэр Іэтыным, быныр гъэсэным кьыхуеджэнырщ.

ЦІыхухэр тарифхэмкІэ арэзыкъым

Черкесскэр Домбейр зэпызыщІэ гъэзэгр Правокубанск жылагъуэм деж къуажэдэхэм дакъикъ 40-кІэ ягъэбыдащ.

ЦІЫХУХЭР къыщыІэзэрыІэтам и щхьэусыгъуэр коммунальнэ Іуэхутхьбзэхэм я уасэр зэрыхэхьуэ зэпытырщ. АбыкІэ абыхэм щыпІэ власты гулъраГэтащ я гукъэуэхэм икІи тарифхэм я уасэм зрамыгъэІэтыну кьыхураджащ.

Кьуажэдэсхэр щІыпІэ МВД-м и лэжьакІуэхэм зэбграгъэжьащ къэхъуакащІэ хэмыту. Гъэзэгр зэзэущІауэ зэрыщыта дакъикъэ 40-м автотранспортыр кьыпекІуэкІ гъэзэгухэмкІэ щызекІуащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.



Мамырыгъэм и телъхьэу

Пекин Иранэр кьыхуреджэ кьаугъэ зыхэтыр мамыру зэфІихыну.

- Китайм и Іуэху епІыкІэр къызэрыгъэхІщ: лъыгъажэ кьыхэмыкІыу зэпсэлъэн, зэгурыІуэн хуейщ, - жеІэ КНР-м и МИД-м и лэжьакІуэ Чжаюй Ма.

Апхуэдэу абы кьыхигъэщащ Ираным епха Іуэхухэр гъэтэмэмыкІэ Китайм кьалэныщхэхэр и пщэ дилъхьэжьыну зэрыхъэзырыр.

УвыІэркъым

Ингушэ Республикэм дагъым, фоч уэ макъэр щыувыІэркъым.

Ингушым и Назран куейм и автозаправкэхэм ящыщ зым къамыщІыхуа гуп автоматкІэ еуащ. А махуэ дыдэм, бэрэжьей кІуэам, сыхьэт 20-рэ дакъикъ 40-м нэгъуэщІ зы гуп ДПС-м и пІырыпІэм гранатэдзкІэ еуащ. ЩІэпхьаджащІэхэр кьалъхьуэ.

Москва лэжьакІуэхэм хуэныкъуэщ

Кьалащхьэм и предприятэхэм щылэжьэн щІыхь зиІэу щыхъ ягъуэтырщкъым.

- Предприятэхэм щылэжьэн щІыхь зиІэкъым. Псори зэхэпІхьэжмэ, щІыхь мин 30-м щІигъу дыхуейщ, - жиІащ Москва кьалэм щІэныгъэмрэ промышленнэ политикэмкІэ и департаментым и унафэщІ Пантелеев Евгений.

ЕлэжьакІа илъэсым Москва и предприятэхэм я лэжьакІуэхэр яхъумэным къэралым сом мелуан 360-рэ хуинэтІащ, ауэ, зэрыпэрылъагъущи, лей хьуащ. Иджы къулыкъущІэхэм зэрыжаджэмкІэ, еджапІэ нэхьыщхьэхэм щІэс студентхэр нобэ щыщІэдзауэ къэралыр зыхуэныкъуэ лэжьакІуэхэм я пІэ ирагъэувэным хуагъэхьэзырынущ.

Тимошенкэ «кьеГъэзэж»

Украинэм и президент хэхьыныгъэхэр зэрыхэфІэкІрэ, дыгъуасэщ Тимошенкэ Юлие щІыхухэм яІуэ щыхуэхьэм ящыщ кьащыхьыхьар.

Министрхэм я зэІущІэм Тимошенкэ дакъикъи 10-кІэ кьыкІэрыхуат, гукъыдэжьшхуи иІэ хуэдэтэкъым. Ар зыми емыпсалъэу щысащ, и кьулыкъым текІыи зэрыхуейми и гугъу ищыхьакъым, зытепсэлъыхьар Украинэм и мэкъумэщ ІэнатІэм нэгъабэ игъуэта зыужьынныгъэрщ.

Москва

◆ Абхъазым и Президент Бэгъэпщ Сергей и къулыкъум пэроувэж, мы щыналъэм и унафэщІу етІанэу хахьжауэ.

◆ Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 8-рэ дакъикъи 2-м, кьухьэжыну сыхьэт 17-рэ дакъикъэ 26-м.

◆ Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакъикъэ 24-рэ.

ПІлапІэр зыгъэхьэзырыр **ФЫРЭ Анфисэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

СопІащІэ, жьпІэу шы лъэхъа умышэс.

Мылъкум хегъахъуэ

Банк Іуэху

«Урысей мэкъумэш банк» ОАО-м и мылькур сом мелардж 107-рэ мелуан 48-м нигъэсащ. Апхуэдэу кьыщІэкІыну акцэхэм сом мелуан 825-рэ и уасэ дыщІигъунущ.

БАНКЫМ и кьудамэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущапіэм и унафэщІ Хьэщыкьуэ Олег щыгъуазэ дызэрищІамкІэ, «Урысей мэкъумэш банк»-м и акцэхэр зэрыщыту УФ-м къэрал мылькур зегъэкІуэныкІэ и федеральнэ агентствэм бгъэдэлъщ.

«Урысей мэкъумэш банк»-м и уставной мылькым щІыхигъэхьуам и щхьэусыгъуэхэм ящыщщ агропромышленнэ комплексхэм, фермер хозяйствэхэм, щхьэзакъуэ уней хозяйствэ зиІэхэм, мэкъумэш потребитель кооперативхэм кредитхэр ятынщ, щІы ипотекэ кредит Іуэхур зэфІигъэувэнщ.

УАРДЭ Женя.

Мурадыфіхэр яІэщ

Тэрч куей

Тэрч районым нобэ щыпащэхэм ящыщщ «Балькъэр Ипщэ» агрофирмэр. Мы щыІэ щы гектар 720-р зыхуей хуэзэу варэ хэсэжауэ гъэщІагъэкІащ. Ильэсыбэ хозяйствэм хуэзэфІэкІащ район псомкІэ, мыхьэнэ ин зиІэ, тонн мини 4-м нэс зыщІэхуэ гъавэ гъэтІыдыпІэщхуэ иухуэн. Абы щІалъхьащ гъавэхэкІыу тонн мини 3.

ДЫЗЫТЕХЬА 2010 гъэм Іуэхущапіэм и мурадщ иІыгъ щІым щыщу гектар 20-м теплицэхэр щиухэжну. Хуэзныгъэхэр зэфІэкІмэ, абы кьуажэдэсэи 140-м лэжьапІэ щагъэуты-нущ. Апхуэдэ жэрдэмыр кьыхэзыльхьа Іэщіагъэлілхэм кьызэралытэмкІэ, уэгъур куэдрэ зэран зыхуэхьу тафэтес хозяйствэхэмкІэ теплицэхэр зэкІыпІэ хъарзынэщ, гъэмахуэм дыгъэм яфІиныж кьэкІыгъэхэм гъэм и адрей зэманхэм хуиту елэжьыфынущ. Мы Іуэхур агрофирмэм и лэжьакІуэхэм я закъуэ ящыщ зэфІэкІынукъым, сыту жьпІэмэ, зыхуей хуэзэ зы теплицэ бгъэувыным сом зы мелуаным щІигъу токІуадэ. Абы кьыхэжьыу мы Іуэхум зи мыльку хэзыльхьэн инвесторхэр кьалъхьхьуэ, КъБР-м инвестицэхэмрэ хьэрычэтыщІэ Іуэхуэхэмкіэ и центрым кьыхуагъэльагъуэ бизнес-планым щыгъуазэ защІ. Ильэсыщ1эм кьищта кьалэнхэм кьадэкІуэу, Іуэхущапіэм мы зэманым лэжьыгъэшхэр ирегъэкІуэкІ гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэм зэрыпэрыхьэну мэкъумэш техникэр зэгъэпэщыжыным ехьэлІауэ.

ПсынщІэу зызэгуужь мы хозяйствэр нэхъри лъэ быдэкІэ увын папщІэ, гъэ кІуам кьэралым щІыхуэу сом мелуани 8 ящритащ. Абыкіэ кьищэхуащ бжьыхьэсэр и чэзум зэрызэфІигъэкІа дагъэгъэсыныпхэр, жылапхэрэ щІыпІэ щІыгъэпшэрхэр. Мурадыфіхэр зиІэ мэкъумэш Іуэхущапіэр мы гъэми гъавэ бэкІэ мэгугъэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

«Адыгэ псалъэр» кьыфІэрыхьэну фыуеймэ

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

Гъатхэпэм и 1-м щыщІэдзауэ ди газетыр кьыфІэрыхьэну фыуеймэ, мазаем и 25-рэ хъуху Іэ тевдзэ зэрыхъунур фигу кьыдогъэкІыж.

Мазипілым ди газетым и уасэщ сом 237-рэ кІэпІейкІэ 40-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущапіэ псоми.

Ди индексыр 51531

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм щекIуэкIащ 2009 гъэм зэрылэжьар къыщапщытэж, мы илъэсым я къалэнхэр щаубзыху зэIущIэ. Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ ДыщэкI Мадинэ, егъэджэныгъэ IэнатIэм пэрытхэм я профсоюзым и унафэщI Карныш Сергей, БизнесымкIэ институтым и ректор Хъурей Феликс, Тэрч район администрацэм и Iэтащхьэ Пэнагуэ Максим, еджапIэхэм я лIыкIуэхэр.

ЗэфIагъэкIахэм хоплъэж

● ЗэIущIэхэр

КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Щхьэгъэпсо Сэфарбий** зэIущIэр къызэIуихри, къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ УФ-м и Президент Медведев Дмитрий и жэрдэмкIэ, 2010 гъэр ЕгъэджакIуэм и илъэсу зэрагъэувар. Герценым и цIэр зэрихьэу Санкт-Петербург дэт Урысей къэрал педагогикэ университетым щIышылэм и кIэм щекIуэкIащ ЕгъэджакIуэм и илъэсыр къызэрызэIуахым иращIэкI гуфIэгъуэ зэIущIэ. Абы хэтащ ди къэралым и щIыналъэ 80-м икIа егъэджакIуэ 600-м щIигъу. ГуфIэгъуэ пшыхьыр къыщызэIуихым, къэралым и Президентым къыхигъэщащ иужьрей илъэсхэм ирагъэкIуэкIа гъэунэхуныгъэхэм къарикIуахэм хэплъэжу, егъэджэныгъэм фIы и лъэныкъуэкIэ зезыгъэхъуэжыну Iуэхугъуэхэр а IэнатIэм хэпщэн зэрыхуейр.

- КъБР-м и егъэджэныгъэ IэнатIэм мы зэманым щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэр хуэунэтIащ ныбжьыщIэм щIэныгъэфI игъуэтыным, - жиIащ министрым. - Иджыпсту республикэм щрагъаджэ IуэхущIапIэу 417-рэ щолажьэ, абы щыщу 327-р махуэрыеджэщ. Апхуэдэ курыт школхэм сабий мин 96-м нэблагъэ йокIуалIэ. ЕгъэджакIуэхэм я бжыгъэр мин 11-м щIегъу. ПсынщIэу зызыхъуэж зэманым къытхуигъэув дэтхэнэ IуэхугъуэщIэри ди лэжьыгъэм къызэрыщыдгъэсэбэпыным дыхущIокъу. Апхуэдэу «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ, IэмалыщIэ куэд хэпща хъуащ а IэнатIэм. Абыхэм ящыщ зыщ, псалъэм папщIэ, республикэм и еджапIэ псори интернетым зэрыпащIар, апхуэдэуи компьютеркIэ а IуэхущIапIэхэр къызэгъэпэщыныр кIуэ пэтми зэрефIакIуэр. Къапщтэмэ, иджыпсту еджакIуэ 19-м (гъэ еджэгъуэ блэкIам 21-уэ щытащ) зы компьютер хуозэ. ЕгъэджакIуэхэм я процент 75-р иджырей технологиехэр я лэжьыгъэм къызэрыщагъэсэбэпын Iэмалхэм зыщыхуагъасэ курсхэм щыIащ.

Зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэр щагъасэ IуэхущIапIэхэм я гугъу щищIым, министрым къыхигъэщащ абы екIуалIэхэр зэрымащIэр. Мы зэманым а IуэхущIапIэхэм щыIэр республикэм апхуэдэ ныбжьым иту щыпсэу сабийхэм я процент 69,5-рщ икIи дяпэ илъэситIкIэ а бжыгъэм проценти 10-кIэ нэхъ мыхъуми хэгъэхъуэн хуейуэ къыхилъхьащ Щхьэгъэпсом.

- Курыт школым щызрагъэгъуэт щIэныгъэм и фIагъырщ ныбжьыщIэм адэкIэ иIэну зэфIэкIыр зэлъытар, - жиIащ Щхьэгъэпсо Сэфарбий. - Абы и лъэныкъуэкIэ иужьрей илъэсхэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэ зэрырагъаджэ программэхэм. Апхуэдэу 2-нэ классым щыщIэдзауэ инджылызыбзэмрэ информатикэмрэ ирагъэджу щIадзащ. Абы папщIэ а предметхэр езыгъэджынухэр класс нэхъыщIэхэм щIэс цIыкIухэм зэрадэлэжьэнум хуэдгъэхьэзыращ, методи-кэ чэнджэщхэр къыдэдгъэкIащ.

АдэкIэ министрыр къытеувыIащ лъэпкъыбзэхэр егъэджыным, КъБР-м и щэнхабзэр, тхыдэр ящIэу ныбжьыщIэхэр къэгъэтэджыным гулъытэ зэрыхуащIым.

- Лъэпкъыбзэхэмрэ литературэмрэ, республикэм и тхыдэмрэ географиемрэ, ди щIыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэр джыным мыхьэнэшхуэ иIэщ, - жиIащ министрым. - Республикэм и школхэм лъэпкъыбзэхэмрэ литературэмрэ зэрырагъэджыр щIэныгъэм къигъэув иджырей мардэхэм хуэкIуэркъым, учебникхэр зэрызэхалъхьам арэзы укъызэримыщIымрэ полиграфие и лъэныкъуэкIэ мыхьэнэншэу къызэрыдагъэкIымрэ я зэранкIэ. А Iуэхур гъэзэкIуэжыным хуэунэтIащ «2007 - 2011 гъэхэм лъэпкъыбзэхэр зэрырагъэдж тхылъхэр щIэуэ зэхъуэкIын» республикэ программэр. Абы ипкъ иткIэ анэдэлъхубзэ учебникхэм зэхъуэкIыныгъэхэр игъуэтауэ къыдагъэкIыжынущ. Псалъэм папщIэ, класс нэхъыщIэхэм щIэс цIыкIухэм есэпымрэ дыкъэзыухъуреихь дунеймрэ зэрырагъэджыну учебникхэр хьэзырщ. Республикэм иIэщ лъэпкъыбзэхэр егъэджыным хуэIэзэ егъэджакIуэхэр. Абы и лъэныкъуэкIэ дызэрыгушхуэ Iуэхугъуэщ Къулькъужын Ипщэ дэт курыт школ №1-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэ Нэхущ Залинэ Анэдэлъхубзэ езыгъэджхэм я III урысейпсо зэпеуэу Москва къалэм щекIуэкIам зэрыщытекIуар.

АдэкIэ Щхьэгъэпсо Сэфарбий къытеувыIащ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр ди республикэм зэрыщекIуэкIам. Абы къызэрилъытэмкIэ, зэрырагъаджэ щIыкIэр егъэфIэкIуэнымкIэ, ныбжьыщIэхэм ябгъэдэлъ щIэныгъэр зыхуэдэр къэщIэнымкIэ хэкIыпIэфIщ апхуэдэ экзамен тыкIэр. «Нэгъабэ ЕГЭ-м кърикIуахэм япкъ иткIэ, урысыбзэмрэ математикэмкIэ экзаменхэр зымытыфа ныбжьыщIэ 52-м аттестат иратакъым, - жиIащ Щхьэгъэпсом. - Мы гъэм едгъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, а бжыгъэр 500-м щIигъункIэ шынагъуэ щыIэщ. Абы къыхэкIкIэ, Егъэджэныгъэ управленэхэр а Iуэхум жэуаплыныгъэшхуэ пылъу бгъэдыхьэн хуейщ, Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр зыхуэмытыну къэфлъытэ еджакIуэхэм нэхъ хэкъузауэ фазэрыдэлэжьэным яужь фитыпхъэщ».

АдэкIэ министрым и докладым къыхэщащ творческэ зэгухьэныгъэу, спорт, турист секцэу 3685-рэ республикэм зэрыщылажьэр. Абыхэм ныбжьыщIэ 60705-рэ йокIуалIэ. А IуэхущIапIэхэм лэжьыгъэ купщIафIэ зэрыщекIуэкIыр къегъэлъагъуэ абыхэм я гъэсэнхэм урысейпсо зэпеуэхэм, конференцхэм, фестивалхэм, олимпиадэхэм бжьыпэ зэрыщаубыдым. Апхуэдэу «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым «ЩIалэгъуалэ зэчиифIэм ядэIэпыкъун» и Iыхьэм и хабзэхэм тету, зэфIэкI лъагэ къэзыгъэлъэгъуа ныбжьыщIэ 39-м УФ-м, КъБР-м я Президентхэм я саугъэтхэр иратащ.

2009 гъэм еджакIуэхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэр тэмэму къызэгъэпэща зэрыхъуами къытеувыIащ Щхьэгъэпсо Сэфарбий. Апхуэдэу сабий 33000-м я узыншагъэр щрагъэфIэкIуэжащ республикэм къыщызэрагъэпэща лагерь 439-м. Ар проценти 10,8-кIэ нэхъыбэщ 2008 гъэм апхуэдэ зыгъэпсэхупIэхэм щыIа цIыхухэм нэхърэ.

- Дызыгъэгузавэ Iуэхугъуэщ, - жиIащ министрым, - IэщIагъэ щрагъэгъуэт еджапIэхэр къэзыух ныбжьыщIэхэм ящыщ куэд лэжьапIэншэу къызэрынэр. Пэжщ, республикэ унафэщIхэр яужь итщ а Iуэхум хэкIыпIэ къызэрыхуагъуэтыным. Къапщтэмэ, 2009 гъэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ е курыт зэзыгъэгъуэта ныбжьыщIэ 8402-м ящыщу мы зэманым ирихьэлIэу лэжьапIэншэр 898-рщ.

Министрым и докладым щхьэхуэу къыщытеувыIащ егъэджакIуэхэм я лэжьэкIэм.

- Дэ диIэщ зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI, зи IэнатIэм гурэ псэкIэ бгъэдэт егъэджакIуэхэр, - пищащ Щхьэгъэпсом. - Апхуэдэу щытми, IэщIагъэлI нэсхэм республикэр зэрыхуэныкъуэр къыжыIапхъэщ. Нобэрей зэманым къызэрытхуигъэувымкIэ, егъэджакIуэм и предметым фIыуэ хищIыкI къудейкIэ зэфIэкIыркъым, атIэ ар зыдэлажьэ сабийм и гупсысэкIэм, и зэхэщIыкIым щыгъуазэу, дыкъэзыухъуреихь дунейр къызэрыщыхъур зэхигъэкIыфу щытын хуейщ икIи ахэр къилъытэущ и дерсыр зэригъэкIуэкIыпхъэр. «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым фIы куэд къыпэкIуащ. Абы ипкъ иткIэ иужьрей илъэсиплIым республикэм и егъэджэныгъэ IэнатIэр егъэфIэкIуэным федеральнэ бюджетым къыхэкIыу сом мелуан 939,5-рэ, республикэ мылъкум щыщу сом мелуан 725,2-рэ трагъэкIуэдащ.

Министрыр къытеувыIащ зэрырагъаджэ щIыкIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIа проект зэхэлъым (КПМО) къигъэувхэм. А зэхъуэкIыныгъэхэм щытепсэлъыхьым, къыхигъэбелджылыкIащ школхэр улахуэ тыкIэщIэм зэрыхуэкIуар. ЕгъэджакIуэхэм ику иту къахь улахуэр сом мини 9-м щIегъу.

- КПМО-м хъарзынэу дызэрехъулIэм и фIыгъэкIэ, УФ-м и Президент Медведев Дмитрий къыхилъхьа «Ди еджапIэщIэ» Iуэху зехьэкIэм къытхуигъэув къалэнхэми дыпэлъэщынущ, - жиIащ Щхьэгъэпсо Сэфарбий. - Абы папщIэ лэжьыгъэм зыщIедмыгъэхыу, Iуэхум дызэрехъулIэным дыхущIэкъун хуейуэ аращ.

Министрым и къэпсэлъэныгъэр купщIафIэу зэрыщытар къыхигъэщри, езыр зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэри къигъэлъэгъуащ **ДыщэкI Мадинэ.** Апхуэдэу абы жиIащ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэм ныбжьыщIэхэр зэрехъулIэр къэзыгъэлъагъуэ бжыгъэхэм арэзы къызэримыщIыр, улахуэ тыкIэщIэр зигу иримыхь егъэджакIуэхэр зэрыщыIэр, абыхэм я Iуэхур зэхэгъэкIын зэрыхуейр. Иужьрейм и жэуапу Щхьэгъэпсо Сэфарбий жиIащ сом 4344-рэ нэхъ мащIэ къэзыхь егъэджакIуэ республикэм зэрыщымыIэр, зи улахуэмкIэ мыарэзыр гугъу зезыгъэхьыну хуэмейхэрауэ зэрыщытыр.

Егъэджэныгъэ IэнатIэм къыхыхьа зэхъуэкIыныгъэщIэхэм я телъхьэщ Iуащхьэмахуэ район администрацэм егъэджэныгъэмкIэ и управленэм и унафэщI **Моллаев Сулеймэн.** Абы и къэпсэлъэныгъэм къызэрыхэщамкIэ, апхуэдэ зэхъуэкIыныгъэфIхэрщ къахуэзыхьар нобэ я курыт школхэр иджырей техникэхэмкIэ, IэмэпсымэхэмкIэ нэсу къызэгъэпэща зэрыхъуар.

Я Iуэху еплъыкIэхэр къагъэлъагъуэу, я лэжьыгъэр зэрекIуэкIым и гугъу ящIу зэIущIэм къыщыпсэлъащ Прохладнэ къалэ администрацэм егъэджэныгъэмкIэ и управленэм и унафэщIым и къуэдзэ **Золкэ Татьянэ,** Налшык къалэ дэт прогимназие №34-м и унафэщI **Иуан Галинэ,** школ-интернат №5-м и унафэщI **Алишанов Алисултан**, IэщIагъэ щрагъуэт еджапIэ №18-м и унафэщI **ГъукIакъуэ Юрэ** сымэ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2010 гъэм мазаем и 8-м ***№29-рп***

ЩIыхэм я къэрал кадастр уасэр гъэувынымкIэ ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэмрэ ягъэува уасэхэр къэгъэсэбэпыным кърикIуэхэмрэ хэплъэнымкIэ республикэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2008 гъэм гъатхэпэм и 4-м къыдигъэкIа Унафэ №106-рп-мкIэ къищтам, мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) комисэм хэгъэхьэн мы къыкIэлъыкIуэхэр:

Быф А. Ж. - Бахъсэн къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Гызыев Б. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымрэ щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ и министрыр

Жэмыкъуэ А. М. - ЩIыр къэралым итхынымкIэ, кадастрымкIэ, картографиемкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Пархоменкэ Ю. В. - Прохладнэ къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Сарбашевэ С. М. - Федеральнэ налог къулыкъущIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIым и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Созаев О. Б. - ЩIыр къэралым итхынымкIэ, кадастрымкIэ, картографиемкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и IэщIагъэлI - эксперт нэхъыщхьэр (комиссэм и секретарщ) *(зэгурыIуауэ)*

Хьэгъэс З. А. - Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*;

б) **Iэщын С. А.** щIэуэ кърата къулыкъум зэреджэр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу тхын - Къэрал мылъкур зехьэнымкIэ федеральнэ агентствэм и ЩIыналъэ управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*;

в) комиссэм къыхэгъэкIыжын АфэщIыж Ю.С., ГъущIапщэ Р.М., Евстигнеевэ Т.Ф., Лыджыдэ Хь.П., Сирицэ Д.С., Хьэмгъуокъу Л.Б., Шыпш В.А. сымэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI
МЕРКУЛОВ Александр

Куэдым къахуэщхьэпэну гъуэгу

● Шэрэдж куей

«Кавказ» федеральнэ гъуэгум хиубыдэ, километр 25-рэ зи кIыхьагъ Аруан - Уштулу Iыхьэр къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ.

КЪЫХЭГЪЭЩЫПХЪЭЩ зи гугъу тщIы гъуэгур зэхэкъутауэ зэрыщытам къыхэкIыу илъэсипщIкIэ къагъэсэбэп зэрымыхъуар. Иджы къызэIуахыжа гъуэгум и фIыгъэкIэ ди республикэм къакIуэ туристхэм Iэмал ягъуэтынущ Шэрэдж районым и щIыпIэ нэхъ дахэхэр (Шэрэдж аузыр, Гуэл ЩхъуантIэхэр) зрагъэлъагъуну.

Нэхъапэм мыр Кавказым и щыгу нэхъ лъагэхэм дэкIыну хуейхэм я турист гъуэгу нэхъыщхьэу щытащ, бгы лыжэ спортым зыщебгъэужь хъуну джабэхэри иIэщ. Мы щIыпIэм къыщыщIож цIыхухэм я узыншагъэр егъэфIэкIуэнымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ псы хущхъуэ хэри. Аруан - Уштулу гъуэгур зэфIэгъэувэжыным сом мелуани 5 тригъэкIуэдащ Балъкъэр Ипщэм щыщ хьэрычэтыщIэ Муртазов Ахъмэт. Мы Iуэхум куей бюджетым къыхэкIыу сом мин 70, Балъкъэр Ипщэ къуажэм дэт мэжджытым псапащIэ Iуэхухэм хузэхуахьэс и гъэтIылъыгъэм къыхэкIыу сом мин 300 трагъэкIуэдащ. Шэч хэлъкъым гъуэгур мы щIыпIэм щыпсэухэми зыгъэпсэхуакIуэ къакIуэхэми къазэрыхуэщхьэпэнум.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

● Нобэ Къэшэж Иннэ къыщалъхуа махуэщ

Фыкъеджэ абы и усэхэм

Я гум илъщ я Хэкур

Я гум илъщ я Хэкур,
Я нэгу щIэтщ къуршыжьхэр.
КIыхькъэ зауэ гъуэгур! -
Ешэ щIыпIэ жыжьэ.
Быдэу итщ лъэрыгъхэм
Щхьэхуит зи нэрыгъхэр...
Ищхьэкiэ - мывэжьхэрщ,
ИбгъумкIэ - лъабжьэжьхэрщ.
Я щIэдзынщ щIы пхъашэр...
Зыри темысыжу яшхэр мажэ...

*** * ***

Къуршхэ! Къуршхэ! Анэ нэкIу зэлъахэм
Хуэдэу, фIыуэ хуейщ дэ фытлъагъун.
Сытым щыгъуи зытIэтын хуейщ лъагэу,
Ба фи щыгухэм щабэу яхуэтщIын.

Пшынэбзэр къыщыIурт Лэскэным

Пшынэбзэр къыщыIурт Лэскэным,
КъэкIуахэм хуаIэтырт уэрэд.
Уагъэщ1у гупыж укъэфэну,
Iэгу тхуеуэу, цIыху къомыр зэхэтт.

БжэIупэм щылъалъэ макъамэр
Псыкъелъэм и макъыу къыпфIэщIт...
Утыкум дихьауэ дыкъафэрт,
ДыщIалэт, а зымкIэ дылъэщт.

Алъандэм гъэ куэд блэлъэтами,
Зэхэсх а макъамэр къысфIощI,
Зыгуэр къыджиIэну хэтауэ
Гурыщхъуэ сэ нобэми сощI.

Пшынэбзэр иджыри Лэскэным
КъыщоIур, хуэдабзэу зэгуэр,
Къэлъэлуэ нэхьей дыкъэфэну.
Поджэж лъагъуныгъэ зыщI псэр.

Уэ сынопсалъэ

Пщыгъупщэ хъурэ гъащIэ псор?! -
Дэ диIэжынукъым нэгъуэщI.
Упагэ защIэу щхьэ упсэу?
Дэ тIумкIи, пщIэмэ, ар лъэхъуэщщ.

ЩIалэгъуэр дэ тщыгъупщэ хъун?
ЩIымахуэу пщIэжрэ Индыл хужь?..
Къэтлъыхъуэрт фIыуэ дэ тлъагъун.
Дыхъуами нобэ дэ нэхъыжь,

Уздимыхьа зэман блэкIам, -
Уэ уилъщи си гум, къызоуз.
Си пIалъэр сэри имыкIа,
Гупсысэм хъуами нэр дэплъыз.

Дуней-шэрхъыжьым сыт хуэдиз
Блиша уи цIыхубз защIэу...
Дэмылъми дяку дэ тIум зы бжьиз,
ДещIыф дэ зэпэIэщIэ гъащIэм.

«Апхуэдэу хъункъым!»- си кIий макъ
Зэхэпхыу щытмэ, егупсыс.
ГурыщIэр тхъумэу, дыгъэсакъ,-
ДымыщIэу зыри, хъун дыщыс?!

Сэ си гукъеу эр сымущэху,
Уэри хъущIэныр тIэкIу гъэужьых.
Сигу къокI, уи жьакIэм сыIуплъэху:
Псэр хъуркъым жьакIэу къебупсых.

Щыуагъэу пщIам егупсысыж.
Къуаншар уэрами - мыхъу си жагъуэ.
IэщIыб ди гъащIэр хъункъым тщIыж,
ТщIыжамэ - тIури дымыщIагъуэт.

ЗэзыдзэкIар
КЪАГЪЫРМЭС Борисщ.

● Футбол

Зыми текIуэфакъым

Премьер-лигэм мы гъэм щекIуэкIыну зэхьэзэхуэм Тыркум зыщыхуэзыгъэхьэзыр «Спартак-Налшыкым» етIуанэ зыгъэсэгъуэ лъэхъэнэм ипкъ иткIэ зэныбжьэгъугъэ зэIущIиплI иригъэкIуэкIати, щым бжыгъэ зэхуэдэкIэ, 0:1-уэ, къыщыхагъэщIащ, зым зэрытемыгъэкIуауэ иухащ.

«УНИВЕРСТИТАТЯ» командэр Румынием щынэхъыфIхэм ящыщ зыщ. Ди щIалэхэм ар яхуэфэщэну къапэщIэтащ икIи метр пщыкIузым и деж щыту къыдагъэкIа топ закъуэм и фIыгъэкIэ къатекIуащ.

«Спартак-Налшыкым» хэту а махуэм джэгуащ: Фредриксон, Васин, Кисенков, Деяк, Филатов, Шаницын, Маляров, Джатэрывэ, Бикмаев, Дядюн, Васильев (Патрик, 46).

КъыкIэлъыкIуэу зыIущIа Белоруссием и «Шахтер»-ми налшыкдэсхэм топ худагъэкIыфакъым, пенальти еуэну Iэмал яIа пэтми. Абы щыгъуэми тренер цIэрыIуэ Малафеев Эдуард Солигорск щыщ и гъэсэнхэр зэ къыхэжаныкIыфащ икIи текIуэныгъэр зыIэрагъэхьащ.

Тыркум къикIыжын и пэкIэ ди щIалэхэм зы махуэм джэгугъуитI ирагъэкIуэкIащ. Бэрэжьейм и пщэдджыжьым ахэр Польшэм и «Лехие»-м 0:1-уэ къыхигъэщIащ. Пщыхьэщхьэм Киев и «Оболонь»-м дэджэгуащ.

Украинэм и футболистхэр 2:1-уэ текIуэу зэIущIэм и япэ Iыхьэр иухащ. Загъэпсэхуу къихьэжа и ужькIэ, «Спартак-Налшыкым» и тренерхэм футболист зыбжанэ яхъуэжащ икIи абыхэм ящыщ Маляровым бжыгъэр зэхуэдэ ищIыжри, зэрытемыгъэкIуауэ, 2:2-уэ, джэгур иухащ.

Налшыкдэсхэм яхэту «Оболонь»-м пэщIэтахэм я унэцIэхэм фыщыдогъэгъуазэ: Мандрыкин, Горбунов (Соблыр, 70), Васин, Деяк, Лапин (Лазич, 46), Дядюн, Якубу (Фиди, 46), Бабай (Маляров, 60), Гогуа, Йекини, Васильев (Квач, 35). Зэрытлъагъущи, «Спартак-Налшыкым» и гъуэр ихъумащ «Алание»-мрэ ЦСКА-мрэ нэхъапэм хэта Мандрыкин Сергей.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● Кикбоксинг

Медаль зэхуэмыдэу 28-рэ

Иджыблагъэ Кисловодск щекIуэкIащ кикбоксингымкIэ Ипщэ Федеральнэ щIыналъэм и чемпионат. Абы ирихьэлIащ спортсмен 300-м нэблагъэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и командэ къыхэхам хэту зэхьэзэхуэм щыбэнащ кикбоксер 34-рэ. Абыхэм ящыщу 11-м дыщэ, 9-м дыжьын, 8-м жэз медалхэр къахьащ.

Зыхэта гупхэм къащыпэлъэщын къахэкIакъым Дол Iэдэм (Чернэ Речкэ), Хьэщпакъ Анзор (Шэджэм ЕтIуанэ), Щоджэн Резуан (Джэрмэншык), Борсэ Астемыр (Шэджэм ЕтIуанэ), Нэдгъагъ Хьэзрэталий (Чернэ Речкэ), МафIэдз Азэмэт (Джэрмэншык), Бахъсэн Рэмэзан (Налшык), Саралидзе Айдин (Чернэ Речкэ), Шыхъуэбахъуэ Анзор (Налшык), Къанокъуэхэ Бэлэрэ Анжелэрэ (тIури Шытхьэлэ щыщщ).

Гуп нэхъыщIэм щытекIуахэр мэ лыжьыхьым и 10-14-хэм Тольятти щекIуэкIыну къэрал зэхьэзэхуэм хэтынущ, нэхъыжьхэр накъыгъэм и 19 - 23-хэм Бэлгород щыIэну УФ-м и чемпионатым кIуэнущ.

● Зэхьэзэхуэхэр

ЩIалэгъуалэм я махуэшхуэ

Прохладнэ куейм и щIалэгъуалэм я спорт махуэшхуэ екIуэкIащ. Ар къызэригъэпэщащ «Зыуэ щыт Урысей» политикэ партым и щIыпIэ къудамэм. Махуэшхуэм и къалэн нэхъыщхьэу щытащ политикэ партым и мурадхэр щIалэгъуалэм гурыIуэгъуэ ящыщIыныр.

ЗЭПЕУЭХЭМ хэтащ районым щыщ ныбжьыщIэу 166-рэ. Тэрч и мэкъумэш техникумымрэ Учебнэ къуажэмрэ я спорт пэшхэм столыщхьэ теннисымрэ фоч гъэуэнымкIэ щызэпеуащ.

Псори къапщытэжа нэужь, столыщхьэ теннисымкIэ гуп зэхьэзэхуэм пашэ щыхъуауэ къалъытащ Къэрэгъэш къуажэм щыщхэр, Петровхэ я цIэр зезыхьэ колхозыр етIуанэщ, Учебнэр ещанэщ.

Фоч гъэуэнымкIэ зэпеуэм щытекIуащ Петровхэ я цIэр зезыхьэ колхозыр, абыхэм къакIэлъокIуэ Екатериноградскэ станицэмрэ Къэрэгъэш къуажэмрэ икIахэр.

ТекIуахэмрэ къыхэжаныкIахэмрэ фэеплъ кубокхэр, грамотэхэр, саугъэт лъапIэхэр иратащ.

КЪЭХЪУН Бэч.

● ФIыщIэ

Я къалэныр нэсу ирахьэкI

Сэ Налшык къалэ и Брамтэ (Вольнэ Аул) хьэблэм сыщопсэу. Абы дэт поликлиникэ №2-м си узыншагъэм щыкIэлъызогъэплъри, и щхьэ течауэ сххужьыщ абы щылажьэхэр зи IэщIагъэм хуэIэижь, зи къалэнир гъэзэщIэным хущIэкъу гуп дахэу зэрызэрихьэлIар.

СЫМЫБЭУЭФУ, жьыр къыспиубыду сыхъури, сэ иджыблагъэ сыщIэлъащ а поликлиникэм хэт махуэ стационарым. «СыкъыхэзыгъэщIа» узыр тхьэмахуэм къриубыдэу сщхьэщахри, гукъыдэж сиIэу гъащIэм сыхурагъэплъэкIыжащ мыбы щылажьэ дохутырхэм. КъысхуащIа гулъытэр псом япэу зыдэслъагъур стационарым и унафэщI Атэлыкъ Марьянэщ. УмыгъэщIагъуэу къанэркъым а цIыхубзым и гумызагъагъэр, хэлъ гуапагъэр. Дэтхэнэ зы сымаджэми и Iуэху зытетым зыщигъэгъуазэрэ, зэрыхъукIэ и узыр щхьэщызыхыну хэт бзылъхугъэ гумащIэм «и псалъэ къудейри хущхъуэщ» хужаIэ ар зэIэзэхэм.

Жэуаплыныгъэшхуэ я пщэ къызэрыдэхуэр зыхащIэу мэлажьэ махуэ стационарым и медсестрахэу Сэрахъэ Наташэрэ Хьэгъур Раметэрэ. ЗыкIэлъыплъ сымаджэхэр фIым хуагъаплъэу, ирахьэлIэ хущхъуэмастэм я псалъэ дахэр и пэ иту апхуэдэщ ахэр. ЛъэIу гуэркIэ захуэбгъазэми, тIуми укъагъэщIэхъуркъым, сымаджэхэм я зы упщIи жэуапыншэу къагъанэркъым.

Палатэхэм я щытыкIэм и гугъу пщIымэ, республикэм и сымаджэщ куэдым ефIэкIыу схужыIэнущ. Ахэр зэрыкъабзэр, екIуу зэрызэлъыIухар зи фIыщIэр зы махуэ къэмынэу пэшхэр зыхуей хуэзыгъазэ цIыхубз гумызагъэ Ехъутэныдж Еленэщ.

Мы поликлиникэм дохутыр гуащIафIэхэр и мащIэкъым, дэтхэнэми цIыхухэр къыхуэарэзыуэ, я цIэр фIыкIэ жаIэу я IэнатIэм пэрытщ. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, дохутыр нэхъыщхьэм и къуэдзэхэу Урыс Иннетэрэ АфIэунэ Маритэрэ, терапие къудамэм и унафэщI Щокъуий Маритэ, участковэ дохутыр БатIу Неллэ сымэ.

Дауи, гупым я лэжьыгъэр хъарзынэу зэтеублауэ зэрекIуэкIыр куэдкIэ зи фIыгъэр дохутыр нэхъыщхьэ Къанокъуэ Маритэщ. И унафэм щIэтхэм щапхъэ дахэ яхуэхъу бзылъхугъэр поликлиникэм щекIуэкI сыт хуэдэ Iуэхуми щыгъуазэщ икIи я лэжьыгъэр адэкIи ефIэкIуэнымкIэ хузэфIэкI къигъанэркъым.

Поликлиникэм и лэжьакIуэ псоми сохъуэхъу узыншагъэ быдэ яIэу, я зэфIэкIым хэхъуэу, я IэщIагъэм и хьэр ялъагъуу куэдрэ псэуну.

ДЫЩЭКI Хьэмидбий.

● Зэпеуэхэр

НэхъыфIхэр къыхах

Урысейм ЩIыналъэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэмрэ ЖКХ-р реформэ щIыным щIэгъэкъуэн хуэхъунымкIэ Фондымрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэр нэхъ кууэ икIи IэкIуэлъакIуэу къэзыгъэлъагъуэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я Урысейпсо зэпеуэ зэхаублэ.

АБЫ ХЭТ хъунущ зи IэщIагъэкIэ журналистхэр, ЖКХ-м щекIуэкI реформэм теухуа тхыгъэхэр зыгъэхьэзыр цIыху щхьэхуэхэр, гупхэр.

Зэпеуэм хагъэхьэ 2009 гъэм традза (радиокIэ къата, телевиденэкIэ къагъэлъэгъуа) икIи къэралым, щIыналъэм, куейм псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм теухуа лэжьыгъэхэр.

Журналистхэр я къару щеплъыж хъунущ зэпеуэм и лIэужьыгъуи 8-м. Абыхэм я тхыгъэхэр траухуауэ щытын хуейщ мы унэ тIыныгъэхэм: зэрыщыту ЖКХ-м зэхъуэкIыныгъэхэр зэрыщекIуэкIым, УФ-м ЩIыналъэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм абы и лъэныкъуэкIэ иригъэкIуэкIхэм, ЖКХ-р реформэ щIыныр дэзыIыгъ Фондым и программэхэр зэрагъэзащIэм, электрокъарур зэгъэзэхуэнымкIэ къалэнхэр зэрызэфIагъэкIым, псэупIэхэр зейхэм я зэгухьэныгъэхэм (ТСЖ) я лэжьыгъэм, Iуэхур зи пщэ дэзылъхьэжа компаниехэр я пщэрылъхэм зэрапэлъэщым, псэупIэмкIэ жэуап зыхьхэр гъэувыным СМИ-хэр щIэгъэкъуэн зэрахуэхъур къэгъэлъэгъуэным, цIыхухэм нэхъ яфIэтелъыджэ хъуа (ауан хэлъу) сюжет гъэхьэзырыным. Абыхэм теухуа видео-, аудиотеплъэгъуэхэм, тхыгъэ нэхъыфIхэм саугъэтхэр хуагъэфэщэнущ.

Лэжьыгъэхэр 2010 гъэм гъатхэпэм и 5 пщIондэ къыIах «зэпеуэм папщIэ» псалъэхэр зытедза ***pressa @fondgkh. ru*** электрон пощткIэ. Зэпеуэм ирагъэхьхэм фIэкIыпIэ имыIэу ящIыгъун хуейщ абы хэтым хуэгъэза тхылъым ит упщIэ псоми жэуап езытыр.

Зэхьэзэхуэм къэрикIуахэр мы гъэм гъатхэпэм и 30-м хэIущIыIу ящIынущ.

Iуэхум нэхъ кууэ щыгъуазэ зыхуэпщI хъунущ: *www. fondgkh. ru/ massmedia/mediacontest/index. html* сайтымкIэ.